# Konfidansyalite Pasyan yo

## Notifikasyon HIPAA Enfòmasyon Prive

### NOTIFIKASYON SA A DEKRI FASON ENFÒMASYON MEDIKAL OU KA ITILIZE AK DIVILGE AK FASON OU GEN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI REVIZE LI AVÈK ATANSYON.

Lalwa ekzije pou non pwoteje enfòmasyon lasante w, epi pou nou founi ou yon kopi notifikasyon sa. Nou founi Notifikasyon sa an plizyè fèy papye: Fèy anwo (paj 1-2) founi rezime brèv sou kijan ou a kenbe enfòmasyon lasante, e dènye paj anba an, (paj 3-10) founi w plis detay sou pratik ak pwosedi konfidansyalite yo. Ofisye Konfidansyalite nou an se Joyce A. Leahy, Esq.

**KI MOUN KI PRAL SWIV NOTOFIKASYON SA YO?**

Notifikasyon sa dekri enfòmasyon sou pratik konfidansyalite Maimonides Medical Center, estaf medikal, ak pwokirè swen sante ki founi sèvis swen medikal ansanm avèk lopital nou an. Moun ki pran swiv pratik konfidansyalite ki ekri nan notifikasyon an se: (1) tout pwofesyonèl swen sante ki trete w nan nenpòt lokasyon nou yo, sa enkli Rezo Anbilatwa Sèvis Lasante nou yo; (2) tout anplwaye, etidyan, moun ki nan antrènman oswa Benevòl yo, nan nenpòt lokasyon nou yo, sa enkli Rezo Anbilatwa Sèvis Lasante nou yo; (3) tout anplwaye, estaf medikal, trainee, etidyan, moun ki nan antrènman oswa Benevòl nan Famasi MMC, Inc. oswa Infusion Options, Inc.; ak (4) tout asosye biznis lopital nou an oswa  MC Pharmacy, Inc. Famasi MMC, Inc. oswa Infusion Options, Inc.; (ki dekri pli ba la). Tanpri pran nòt ke doktè prive w la ka genyen yon notifikasyon sou konfidansyalite diferan sou pratik konfidansyalite li konsènan itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon swen lasante w an relasyon avèk swen ke li founi w nan ofis li.

**REZIME ENFÒMASYON ENPÒTAN**

**Kesyon:** Si ou genyen yon kesyon sou notis sa oswa ou ta renmen resevwa plis enfòmasyon, kontakte Ofisye Konfidansyalite Deziyen Nan Depatman Relasyon Pasyan yo nan 718 283-7212.

**Ekzijans Pou Otorizasyon A Lekri.** Jeneralman nou pran made w otorizasyon w a lekri avan ke nou itilize enfòmasyon lasante w oswa pataje yo avèk lòt moun andeyò lopital sa.. Ou kapab mande pou yo transfere dosye w yo bay yon lòt moun si ou konplete fòm otorizasyon a lekri an. Si ou founi nu avèk yon otorizasyon a lekri, ou kapab revoke otorizasyon sa nenpòt ki moman, eksepte si no te deja aji sou li. Pou revoke yon otorizasyon a lekri, tanpri ekri Depatman Sèvis enfòmasyon Lasante nou an.

**Eksepsyon Sou Ekzijans Pou Otorizasyon A Lekri** Gen de moman lè nou p'ap bezwen otorizasyon w a lekri avan ke nou itilize enfòmasyon lasante w oswa pataje yo avèk lòt moun . Men yo:

- **Tretman, Peyman, Ak  Operasyon Biznis la.** Nou ka divilge enfòmasyon Lasante w pou founi ou ak tretman pou kondisyon w la, pou kolektè peyman pou tretman, oswa aktivite operasyon admistrasyon biznis la. (Gade paj  3-4 nan Notis sa).

- **Lis Pasyan  Ak divilgasyon Pou Fanmi ak Zanmi ki Patisipe Nan Swen w** Nou kapab enkli non nan Lis Pasyan nou yo oswa pataje enfòmasyon  avèk moun ki patisipe nan ba w laswenyaj ou tankou manm fanmi ou yo, paran, zanmi pwòch oswa lòt moun, si ou pa genyen objeksyon pou pataje enfòmasyon lasante w yo nan fason sa. (Gade paj  5 nan Notis sa).

- **Bezwen Piblik.** Nou

enfòmasyon lasante
ou obey demann la
bezwen piblik.. (Ga

- 

**Si enfòmasyon yo K**
**Pasyèlman Pa-Idan**
Notis sa).

**Kijan w' Ka Jwen Aksès Sou Enfòmasyon Lasante w.** Ou gen dwa pou fè enspeksyon ak kopye enfòmasyon lasante w. (Gade paj 8 nan Notis sa).
Kijan w' Ka Korije Enfòmasyon Lasante w. Ou gen dwa mande pou yo chanje Enfòmasyon prive sou swen medikal ou ki nan dosye ou si ou panse ke li pa ekzak oswa konplè: (Gade paj 8 nan Notis sa).

**Kijan pou Idantifye Lòt Moun Ki Resevwa Enfòmasyon sou Lasante w.** Ou gen dwa pou resevwa yon kontrandi sou divilgasyon, ki idantifye sèten moun persons oswa òganizasyon ke nou te divilge enfòmasyon sou lasante w. (Gade paj 9 nan Notis sa).

**Kijan Pou Mande Pou Pwoteksyon Adisyonèl Sou Konfidansyalite w.** Ou ka mande pou plis restriksyon fèt sou itilizasyon ak piblikasyon enfòmasyon sou sante ou. (Gade paj 10 nan Notis sa).

**Kijan Pou Mande Plis Kominikasyon Sou Konfidansyalite w.** Ou gen dwa mande pou jou kominike avèk ou nan fason ou vle, tankou rele w lakay ou olye de nan travay ou. (Gade paj 10 nan Notis sa).

**Kijan Yon Moun Ka Aji Sou Non Mwen.** Ou gen dwa pou nonmen yon reprezantan pèsonèl pou aji sou non w pou kontwolè enfòmasyon konfidansyèl lasante w. (Gade paj 10 nan Notis sa).

**Kijan Pou Aprann Sou Pwoteksyon Espesyal Konsènan Enfòmasyon Konfidansyèl sou VIH ak Lasante Mantal** Pwoteksyon Espesyal alike konsènan enfòmasyon konfidansyèl sou VIH ak lasante mantal . Pou mande kopi notifikasyon espesyal so kalite enfòmasyon sa yo, tanpri rele Depatman Relasyon Pasyan nan 718 283-7212 (Gade paj 10 nan Notis sa).

**Kijan Pou Jwen Yon Kopi De Notis Sa.** Ou gen dwa pou jwenn yon kopi sou papye de dokiman Notifikasyon sa(oswa yon vèzyon ki ajou de Notifikasyon sa) nenpòt ki lè. Pou plase demann la, tanpri rele Depatman Relasyon Pasyan nan 718 283-7212. Ou kapab jwen yon kopi dokiman sa nan Sitwèb nou nan www.maimonidesmed.org, oswa si ou mande yon kopi pandan vizit pwochèn ou an. Yon kopi de Notifikasyon nou an ki ajou toujou disponib e postè nan zòn resepsyon la ki deziyen pou sa. Nou kapab chanje pratik prive nou an de tan zantan. Si nou fè sa, nou pral revize dokiman sa pou ka genyen yon rezime ki ekzak sou pratik nou yo. Dokiman revize an pral aplike sou tout enfòmasyon w yo, sa enkli tout enfòmasyon ki te kreye oswa nou te resevwa avan ke nou pibliye nouvo Notifikasyon sa.. Nou oblije respekte tèm Notifikasyon ki ajou epi efektif.

**Fason Pou Pote Plent** So ou panse ke yo vyole dwa Konfidansyalite, ou kapab pote yon plent avèk nou oswa Sekretarya Depatman Lasante ak Sèvis Imen. Pou pote yon plent avèk nou, tanpri kontakte Depatman Relasyon Pasyan nou an nan 718 283-7212. *Pèsòn papa fè retalyasyon kont ou oswa pran aksyon kont ou pou plent sa ou pote an.*

## KI ENFÒMASYON LASANTE KI PWOTEJE

Nou fè komitman pou pwoteje enfòmasyon konfidansyèl ke nou ranmase pandan ke n

ap founi w sèvis swen medikal. Men kèk ekzanp sou enfòmasyon sou lasante ki pwoteje
• Enfòmasyon ki endike ke ou se yon pasyan nan lopital la epi ke w ap resevwa tretman oswa lòt sèvis konsènan swen lasante. Nan lopital nou an

- Enfòmasyon sou kondisyon sante w (tankou you maladi ke ou ka soufri);
- Enfòmasyon sou pwodui oswa sèvis ou swen lasante ke ou resevwa oswa ka resevwa nan lavni (tankou yon operasyon); oswa
- Enfòmasyon sou benefis swen medikal sou plan asirans (tankou si asirans la kouvri pou yon preskripsyon);

An konbinasyon avèk :

- Enfòmasyon demografik (tankou non w, adrès ou, oswa estati asirans ou);
- Nimewo ki inik a ou menm e ki ka idantifye w (tankou yon nimewo sosyal sekirite, nimewo telefòn ou, oswa nimewo lisans ou); ak
- Lòt kalite enfòmasyon ki ka idantifye ki moun ou ye.

## KOUMAN NOU KA SÈVI AK ENFÒMASYON MEDIKAL OU EPI MONTREENFÒMASYON SA YO SAN OTORIZASYON W'A LEKRI

***Pou enfòmasyon w, nou enkli anba la an detay tou fason ke nou kapab divilge enfòmasyon lasante w san otorizasyon a lekri.***

### 1. Tretman, Peyman Ak Operasyon Biznis la

Nou ka divilge enfòmasyon Lasante w pou founi ou ak tretman pou kondisyon w la, pou kolektè peyman pou tretman, oswa aktivite operasyon admistrasyon biznis la. Gen ka, kote nou ka divilge enfòmasyon lasante w pou aktivite peyman avèk sèten biznis operasyon, yon lòt pwokirè de swen oswa yon moun k ap peye pou ou. Sant Medikal la, Estaf medikal ak lòt pwokirè swen medikal yo ki travay avèk Sant Medikal la, patisipe nan yon akò swen sante òganize an akòdans avèk pèmisyon HIPAA, ki pèmèt yo pou pataje ant yo enfòmasyon sa yo pou sèl rezon tretman, peyman ak operasyon swen medikal. Anba la se kèk ekzanp sou kijan nou ka itilize ak divilge enfòmasyon you pou rezon sa yo.

**Pou Tretman**. Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou avèk doktè, enfimyè, oswa lòt pwokirè swen medikal nan lopital a ki patisipe ansanm pou trete w, epi yo kapab itilize enfòmasyon medikal ou pou fè dyagnostik oswa pou trete w.. Yon doktè nan lopital nou an ka pataje enfòmasyon medikal ou avèk lòt doktè andedan lopital la, oswa avèk yon doktè nan yon lòt lopital, pou detèmine kijan pou yo fè dyagnostik oswa pou trete w. Doktè la lopital ka pataje enfòmasyon medikal ou avèk yon lòt doktè ke li refere w pou ale fè plis tretman avèk. Diferan depatman praktisyonè swen medikal ka pataje enfòmasyon medikal ou pou yo ka founi ak kowòdine sèvis tankou preskripsyon, laboratwa ak radyografi. Manm fakilte nou yo, teknisyen, elèv medsin, benevòl yo ak moun ki nan antrènman ka genyen aksès sou enfòmasyon pou antrènman oswa tretman lè yo patisipe nan edikasyon kontinyèl, as they participate in continuing education training, pwogram entèna ak rezidans yo.

**Pou Peyman.** Nou ka itilize enfòmasyon medikal ou oswa pataje li avèk lòt moun pounou resevwa peyman pou sèvis sante ou resevwa. Pa egzanp, nou ka pataje enfòmasyon w yo avèk plan asirans sante w la ka peye nou ,ranbouse nou pou tretman nou deja fè pou ou , oswa pou detèmine si ou kouvri pou tretman yo. Nou ka bezwen tou pou di plan asirans sante w la tou kondisyon sante de fason pou ka resevwa pèmisyon à lavans oswa pou nou ka konnen si plan w la pral peye pou yon kalite operasyon patikilye ke ou pral bezwen genyen. Finalman, nou ka pataje enfòmasyon w avèk lòt pwokirè swen w yo avèk moun k ap peye yo pou aktivite tretman w yo, tankou yon konpayi anbilans.

**Pou Fonksyònman Biznis yo.** Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou epi montre lòt moun pou fonksyònman biznis nou yo ki enkli, administrasyon entèn, plannin, ak lòt aktivite pou amelyore kalite an frè efektif pou swen medikal e nou founi w, pou nou amelyore pèfòmans

ekip nou an , revizyon sou itilizasyon nou, kontwol kont entèn nou, akreditasyon, sètifikasyon ak lisans, aktivite edikasyonèl e kredansyèl nou yo. Pa egzanp, nou ka sèvi ak enfòmasyon medikal ou yo pou nou ka fè sondaj sou pasyan yo pou nou evalye pèfòmans ekip nou an sou ki fason nou ka amelyore swen ke nou founi w.. nou ka pataje enfòmasyon medikal ou avèk reprezantan pasyan yo de fason pou nou rezoud tout plent ke ou ka genyen pou asire nou ke ou konfòtab diran tout tan ke ou pase nan lopital nou an. Finalman, nou ka pataje enfòmasyon medikal ou avèk lèt plan asirans konpayi ak moun k ap ede peye frè ou yo pou sèten fonksyònman biznis, si enfòmasyon sa konsène yon relasyon pwokirè an oswa moun k ap ede peye an genyen oswa te genyen avèk ou, oswa lwa federal la ekzije pou pwoteje enfòmasyon medikal konfidansyèl ou yo.

**Sonje Randevou, Lòt Tretman Altènatif, Benefis ak Sèvis** Pandan ke n ap founi w swen medikal nou ka sèvi ak enfòmasyon medikal ou pou nou ka antre an kontak ou pou nou ka fè w sonje randevou ou genyen pou tretman oswa sèvis. Nou ka sèvi ak enfòmasyon medikal ou epi montre enfòmasyon sa a pou nou ka fè w konnen tretman altènatif oswa benefis sante ki ka enterese w.

**Aktivite pou Ranmase Lajan.** Pou sipòte fonksyònman biznis nou an, nou kapab itilize enfòmasyon demografik ou sa enkli laj ou sèks ou, ki kote ou abite oswa travay avèk dat ou te resevwa tretman, pou nou ka antre an kontak ak ou pou nou ranmase lajan pou lopital yo ak fonksyònman lopital yo. Nou kapab pataje enfòmasyon w yo avèk fondasyon charite ki ka kontakte w pou ranmase lajan sou non. Si ou pa vle patisipe nan efò pou ranmase lajan an, ou kapab kontakte Ofis Devlopman an nan 718 283-7046.

**Asosye nan Biznis la.** Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou avèk kontraktè, ajan oswa lòt asosye biznis ki bezwen enfòmasyon sa yo de fason pou ede nou resevwa peyman oswa fonksyònman biznis nou an. Pa egzanp, nou ka pataje enfòmasyon w yo avèk plan asirans sante w la ka peye nou ,ranbouse nou pou tretman nou deja fè pou ou. Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou avèk transkripsyon medikal la ak sèvis kopi ki ede nou fè kopi ak dosye medikal yo. Pa ekzanp nou ka pataje enfòmasyon sante avèk konpayi kontab oswa legal ki founi sèvis konsèy pwofesyonèl pou nou ka amelyore sèvis swen ke nou founi, ak ede nou nu swiv sa lalwa mande, oswa avèk yon konpayi asirans oswa administrasyon òganizasyon risk de fason pou nou obteni konye sou kijan nou dwe administre risk ak responsablite legal, ki enkli reklamasyon asirans ak legal Si nou divilge enfòmasyon medikal ou pou biznis asosye, nou pral fò yon kontra avèk yo pou asire ke asosye biznis nou yo pwoteje enfòmasyon konfidansyèl medikal ou yo.

**2. Lis Pasyan /Fanmi ak Zanmi Nou kapab itilize enfòmasyon medikal ou oswa divilge li nan, Lis Pasyan , oswa pataje li avèk fanm ak zanmi ki patisipe nan swen .** N ap toujou ba w yon opòtinite pou asepte oswa fè objeksyon pou pataje enfòmasyon lasante w yo nan fason sa yo , eksepte si nou pa genyen ase tan nan yon k dijans medikal (nan ka sa, ou kapab di nou preferans ou e moman ka dijans la fini). Nou pral swiv demann ou an sofsi lalwa endike nou otreman

Lis Pasyan yo:. Si ou pa genyen oken objeksyon, nou pral enkli non w, lokasyon w nan fasilite nou an, ak kondisyon general ou (tankou, si stab, pa bon menm, etc) ak relijyon w nan Lis Pasyan nou yo pandan ke w entène lopital la oswa nan enpòt lot fasilite nou yo. Si yon moun mande pou ou pa non w, nou kapab pataje enfòmasyon ki nan Lis Pasyan an , eksepte enfòmasyon sou relijyon w. Nou pral bay moun legliz tankou, pè, pastè, etc menm si yo pa mande pou ou pa non w.

**Fanmi ak Zanmi Ki Patisipe Nan Swen w.** Si ou pa gen objeksyon, nou ka pataje enfòmasyon sante w avèk yon manm fanmi, relatif, oswa zanmi ki pwòch ki an afè avèk swen w oswa peyman pou tretman ou yo. Nou kapab notifye yon man nan fanmi an, oswa reprezantan pèsonèl oswa yon lòt moun ki responsab pou swen , sou lokasyon w ak kondisyon jeneral ou

isit nan lopital la, oswa si nan man malè rive ou vin mouri. Genyen de ka kote, nou bezwen pataje enfòmasyon avèk òganizasyon soulajman pou dezas ki ka ede nou notifye pou sa yo.

**3. Bezwen Piblik**
Nou ka bezwen itilize enfòmasyon sou sante, ak pataje yo avèk lòt moun, pou obey ak lalwa oswa pou sou bezwen piblik ki enpòtan jan ki dekri anba la.
Sou Ekzijans Lalwa. Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou nan fason ke lalwa ekzije yo. Nou pral kite ou konnen si nou itilize oswa divilge yon notifikasyon ekzije pa lalwa.

**Aktivite Lasante Piblik.** Nou ka divilge enfòmasyon lasante w pou ofisyèl piblik otorize (oswa ajans ki kolabore avèk gouvènman etranje) pou yo ka okipe aktivite lasante piblik yo an. Pa ekzanp, no ka pataje enfòmasyon lasante w avèk ofisye gouvènman ki responsab pou kontwole maladi , aksidan oswa dizablite. Nou ka divilge enfòmasyon lasante w pou yon moun ki te ekspoze ak yon maladi ki atrapan oswa ki nan risk pou atrapè oswa pwopaje yon maladi si lalwa pèmèt nou pou fè sa. Finalman, nou ka remèt kèk enfòmasyon sou sante w pou anplwayè ou, si anplwayè anboche nou pou nou fè yon ekzamen fizik epi nou dekouvri ke ou genyen yon aksidan oswa maladi an relasyon avèk travay la ke anplwayè an dwe okouran pou yo ka obsève lwa Anplwa yo..

Victims Of Abuse, Neglect Or Domestic Violence. Nou ka remèt enfòmasyon sou sante w pou yon otorite lasante piblik ki otorize pou resevwa rapò sou abi, neglijans oswa vyolans domestik Pa ekzanp, nou ka rapòte enfòmasyon pou ofisyèl gouvènman si nou geyen enpresyon rezonab ke nou kwè ke ou se yon viktim abi, neglijans oswa vyolans domestik. Nou pral fè tout efò pou pran pèmisyon pou divilge enfòmasyon sa yo , men gen de ka ke nou oblije an akòdans avèk la lwa pou nou aji san pèmisyon w.

## <u>Aktivite an rapò avèk neglijans medikal</u>.
Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba ajans gouvènman otorize pou fè odit, ankèt, enspeksyon fasilite nou an. Ajans gouvènman sa yo siveye kijan sistèm swen lasante fonksyone , Pwogram benefis gouvènman tankou Medikè ak Medikèd, ak konplayians avèk regilasyon gouvènman lwa dwa sivil yo.

Pwodui Pou Siveyans, Reparasyon ak Rapèl Pwodui yo. Nou ka divilge enfòmasyon lasante pou yon moun oswa yon konpayi ke Administrasyon Manje Ak Dwòg siveye sèl rezon pou rapòte yon pwodui ki gen pwoblèm.

**Pwosè ak Diskisyon.**
Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w si nou resevwa yon lòd nan men tribinal la oswa administrasyon tribinal la ki okipe pwosè ak diskisyon.

**Lapolis**
Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba yon ajan lapolis pou rezon sa yo: Sant Medikal la, Estaf medikal ak lòt pwokirè swen medikal yo ki travay avèk Sant Medikal la, patisipe nan yon akò swen sante òganize an akòdans avèk pèmisyon HIPAA, ki pèmèt yo pou pataje ant yo enfòmasyon sa yo pou sèl rezon tretman, peyman ak operasyon swen medikal. Anba la se plis ekzanp sou kijan nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon w yo pou rezon sa yo.

**Tretman**. Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou avèk doktè, enfimyè, oswa lòt pwokirè swen medikal nan lopital a ki patisipe ansanm pou trete w, epi yo kapab itilize enfòmasyon medikal ou pou fè dyagnostik oswa pou trete w Yon doktè nan lopital nou an ka pataje enfòmasyon medikal ou avèk lòt doktè andedan lopital la, oswa avèk yon doktè nan yon lòt lopital, pou detèmine kijan pou yo fè dyagnostik oswa pou trete w. Doktè la lopital ka pataje

enfòmasyon medikal ou avèk  yon lòt doktè ke li refere w pou ale fè plis tretman avèk. Diferan depatman praktisyonè swen medikal ka pataje enfòmasyon medikal ou pou yo ka founi ak kowòdine sèvis tankou preskripsyon, laboratwa ak radyografi. Manm fakilte nou yo, teknisyen, elèv medsin, benevòl yo ak moun ki nan antrènman ka genyen aksès sou enfòmasyon pou antrènman oswa tretman lè yo patisipe nan edikasyon kontinyèl,  as they participate in continuing education training, pwogram entèna ak rezidans yo.

**Pou Peyman.** Nou ka itilize enfòmasyon medikal ou oswa pataje li avèk lòt moun pounou resevwa peyman pou sèvis sante ou resevwa.  Pa egzanp, nou ka pataje enfòmasyon w yo avèk plan asirans sante w la ka peye nou ,ranbouse nou pou tretman nou deja fè pou ou , oswa pou detèmine si ou kouvri pou tretman yo. Nou ka bezwen tou pou di plan asirans sante w la tou kondisyon sante  de fason pou ka  resevwa  pèmisyon à lavans oswa pou nou ka konnen si plan w la pral peye pou yon kalite operasyon patikilye ke ou pral bezwen genyen. Finalman, nou ka pataje enfòmasyon w avèk lò t pwokirè swen w yo avèk moun k ap peye yo pou aktivite tretman w yo, tankou yon konpayi anbilans.

**Pou Fonksyònman Biznis yo.** Nou ka sèvi ak enfòmasyon medikal ou epi montre avèk lòt moun pou fonksyònman biznis nou yo ki enkli, administrasyon entèn, plannin, ak lòt aktivite pou amelyore kalite an frè efektif pou swen  medikal e nou founi w,  pou nou amelyore pèfòmans ekip nou an , revizyon sou itilizasyon nou, kontwol kont entèn nou, akreditasyon, sètifikasyon ak lisans, aktivite edikasyonèl e kredansyèl nou yo. Pa egzanp, nou ka sèvi ak enfòmasyon medikal ou yo pou nou ka fè sondaj sou pasyan yo pou  ka evalye pèfòmans ekip nou an sou ki fason nou ka amelyore swen ke nou founi w.. nou ka pataje enfòmasyon medikal ou avèk reprezantan pasyan yo de fason pou nou rezoud tout plent ke ou ka genyen pou asire nou ke ou konfòtab diran tout tan ke ou pase nan lopital nou an. Finalman, nou ka pataje enfòmasyon medikal ou avèk lèt plan asirans konpayi ak moun k ap ede peye frè ou yo pou sèten fonksyònman biznis, si enfòmasyon sa konsène yon relasyon  pwokirè an oswa moun k ap ede peye an genyen oswa te genyen avèk ou, oswa lwa federal la ekzije pou pwoteje enfòmasyon medikal konfidansyèl ou yo.

**Sonje Randevou, Lòt Tretman Altènatif, Benefis ak Sèvis**  Pandan ke n ap founi w swen medikal nou ka sèvi ak enfòmasyon medikal ou pou nou ka antre an kontak ou pou nou ka fè w sonje randevou ou genyen pou tretman oswa sèvis. Nou ka sèvi ak enfòmasyon medikal ou epi montre enfòmasyon sa a pou nou ka fè w konnen tretman altènatif  oswa benefis sante ki ka enterese w.

**Aktivite pou Ranmase Lajan.** Pou sipòte fonksyònman biznis nou an, nou kapab itilize enfòmasyon demografik ou sa enkli laj  ou sèks ou, ki kote ou abite oswa travay avèk dat ou te resevwa tretman,  pou nou ka antre an kontak ak ou pou nou ranmase lajan pou lopital yo ak fonksyònman lopital yo. Nou kapab pataje enfòmasyon w yo avèk fondasyon charite ki ka kontakte w pou ranmase lajan sou non non. Si ou pa vle patisipe nan efò pou ranmase lajan an, ou kapab kontakte Ofis Devlopman an nan 718 283-7046.

**Asosye nan Biznis la.** Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou avèk kontraktè, ajan oswa lòt asosye biznis ki bezwen enfòmasyon sa yo de fason pou ede nou resevwa peyman oswa fonksyònman biznis nou an. Pa egzanp, nou ka pataje enfòmasyon w yo avèk plan asirans sante w la ka peye nou ,ranbouse nou pou tretman nou deja fè pou ou. Nou ka pataje enfòmasyon medikal ou avèk transkripsyon medikal la ak sèvis kopi ki ede nou fè kopi ak dosye medikal yo. Pa ekzanp nou ka pataje enfòmasyon sante avèk konpayi kontab oswa legal ki founi  sèvis konsèy pwofesyonèl pou nou ka amelyore sèvis swen ke nou founi, ak ede nou nu swiv sa lalwa mande, oswa avèk  yon konpayi asirans oswa administrasyon òganizasyon risk de fason pou nou obteni konye sou kijan nou dwe administre risk ak responsablite legal, ki enkli reklamasyon asirans ak legal Si nou divilge enfòmasyon medikal ou pou biznis asosye, nou pral fò yon kontra avèk yo pou asire ke asosye biznis nou yo pwoteje enfòmasyon konfidansyèl medikal ou yo.

**2. Lis Pasyan /Fanmi ak Zanmi** Nou kapab itilize enfòmasyon medikal ou oswa divilge li nan, Lis Pasyan , oswa pataje li avèk fanm ak zanmi ki patisipe nan swen . N ap toujou ba w yon opòtinite pou asepte oswa fè objeksyon pou pataje enfòmasyon lasante w yo nan fason sa yo , eksepte si nou pa genyen ase tan nan yon k dijans medikal (nan ka sa, ou kapab di nou preferans ou e moman ka dijans la fini). Nou pral swiv demann ou an sofsi lalwa endike nou otreman

Lis Pasyan yo:. Si ou pa genyen oken objeksyon, nou pral enkli non w, lokasyon w nan fasilite nou an, ak kondisyon general ou (tankou, si stab, pa bon menm, etc) ak relijyon w nan Lis Pasyan nou yo pandan ke w entène lopital la oswa nan enpòt lot fasilite nou yo. Si yon moun mande pou ou pa non w, nou kapab pibliye enfòmasyon ki nan Lis Pasyan an , eksepte enfòmasyon sou relijyon w. Nou pral bay moun legliz tankou, pè, pastè, etc menm si yo pa mande pou ou pa non w.

**Fanmi ak Zanmi Ki Patisipe Nan Swen w.** Si ou pa gen objeksyon, nou ka pataje enfòmasyon sante w avèk yon manm fanmi, relatif, oswa zanmi ki pwòch ki an afè avèk swen w oswa peyman pou tretman ou yo. Nou kapab notifye yon man nan fanmi an, oswa reprezantan pèsonèl oswa yon lòt moun ki responsab pou swen , sou lokasyon w ak kondisyon jeneral ou isit nan lopital la, oswa si nan man malè rive ou vin mouri. Genyen de ka kote, nou bezwen pataje enfòmasyon avèk òganizasyon soulajman pou dezas ki ka ede nou notifye pou sa yo.

**3. Bezwen Piblik**

Nou ka bezwen itilize enfòmasyon sou sante, ak pataje yo avèk lòt moun, pou obey ak lalwa oswa pou sou bezwen piblik ki enpòtan jan ki dekri anba la.

Sou Ekzijans Lalwa. Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon medikal ou nan fason ke lalwa ekzije yo. Nou pral kite ou konnen si nou itilize oswa divilge yon notifikasyon ekzije pa lalwa.

**Aktivite Lasante Piblik.** Nou ka divilge enfòmasyon lasante w pou ofisyèl piblik otorize (oswa ajans ki kolabore avèk gouvènman etranje) pou yo ka okipe aktivite lasante piblik yo an. Pa ekzanp, no ka pataje enfòmasyon lasante w avèk ofisye gouvènman ki responsab pou kontwole maladi , aksidan oswa dizablite. Nou ka divilge enfòmasyon lasante w pou yon moun ki te ekspoze ak yon maladi ki atrapan oswa ki nan risk pou atrapè oswa pwopaje yon maladi si lalwa pèmèt nou pou fè sa. Finalman, nou ka remèt kèk enfòmasyon sou sante w pou anplwayè ou, si anplwayè anboche nou pou nou fè yon ekzamen fizik epi nou dekouvri ke ou genyen yon aksidan oswa maladi an relasyon avèk travay la ke anplwayè an dwe okouran pou yo ka obsève lwa Anplwa yo..

Victims Of Abuse, Neglect Or Domestic Violence. Nou ka remèt enfòmasyon sou sante w pou yon otorite lasante piblik ki otorize pou resevwa rapò sou abi, neglijans oswa vyolans domestik Pa ekzanp, nou ka rapòte enfòmasyon pou ofisyèl gouvènman si nou geyen enpresyon rezonab ke nou kwè ke ou se yon viktim abi, neglijans oswa vyolans domestik. Nou pral fè tout efò pou pran pèmisyon pou divilge enfòmasyon sa yo , men gen de ka ke nou oblije an akòdans avèk la lwa pou nou aji san pèmisyon w.

**Aktivite an rapò avèk neglijans medikal.** Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba ajans gouvènman otorize pou fè odit, ankèt, enspeksyon fasilite nou an. Ajans gouvènman sa yo siveye kijan sistèm swen lasante fonksyone , Pwogram benefis gouvènman tankou Medikè ak Medikèd, ak konplayians avèk regilasyon gouvènman lwa dwa sivil yo.

**Pwodui Pou Siveyans, Reparasyon ak Rapèl Pwodui yo.** Nou ka divilge enfòmasyon lasante pou yon moun oswa yon konpayi ke Administrasyon Manje Ak Dwòg siveye sèl rezon pou rapòte yon pwodui ki gen pwoblèm.

**Pwosè ak Diskisyon.** Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w si nou resevwa yon lòd nan men tribinal la oswa administrasyon tribinal la ki okipe pwosè ak diskisyon.

**Lapolis** Nou ka divilge enfòmasyon medikal ou ba yon ajan lapolis pou rezon sa yo: •

**Pou Evite Yon Trèt Serye ak Katastwofik Sou Lasante AK Sekirite.** Pou moun ki apwopriye pou ka evite oswa diminye yon menas imedyat ki grav pou sante w oubyen sekirite w oswa sekirite yon lòt moun oswa piblik la. Na ka sa nou ka pataje enfòmasyon sante w avèk ki kapab ede evite trèt sa. Nou ka divilge enfòmasyon w pou ofisye si ou te di nou ke ou te patisipe nan yon krim ki te lakòz yon malè serye ki te rive yon moun ( eksepte si ou te di sa pandan ke ou te nan terapi konseye sikolojik) oswa si nou detèmine ke ou te sovè de yon kote lalwa te mete w (tankou yon prizon oswa yon enstitisyon pou maladi mantal).

**Sekirite Nasyonal Ak Aktivite Entelijans Oswa Sèvis Pwotektif.** Nou ka bay ofisyèl gouvènman ki gen pèmisyon enfòmasyon medikal ou pou aktivite ransèyman ak lòt aktivite sekirite nasyonal yo ap envestige selon lalwa oswa sèvis pwoteksyon pou Prezidan an ak pou pwoteksyon lòt ofisyèl ki enpòtan

**Militè Ak Veteran**. Si ou nan Lame, nou ka divilge enfòmasyon lasante w pou otorite kòman Militè apwoprye an pò aktivite ke yo dwe fè nan Misyon Militè yo. Nou ka divilge enfòmasyon sante pèsonèl militè etranje pou otorite pèsonèl militè etranje apwoprye.

**Prizonye Ak Enstitisyon Koreksyonèl.** Nou ka montre biwo koreksyon oswa ofisyèl lalwa yo enfòmasyon medikal sou prizonye ki nan prizon, pou enstitisyon an ka bay prizonye a swen, pou pwoteje sante ak sekirite prizonye yo nan kote yo ye an.. Sa enkli oswa pou pwotej sante ak sekirite lòt moun; epi pou sekirite lòt moun ki nan enstitisyon koreksyon an oswa pou transpòtasyon prizonye yo.

**Dedomajman Travayè** Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w pou Dedomajman travayè oswa pwogram simile ki founi benefis pou aksidan ki rive nan travay.

**Kowonè ( Kòk Mò), Egzaminè Medikal, Direktè Palwa Finèb.** Nan yon ka malere kote ou mouri, nou ka divilge enfòmasyon sante w pou yon Kowonè oswa ekzamine medikal. Sa ka nesesè , pa ekzanp , pou detèmine lakòz lamò w yo. Nou ka remèt enfòmasyon sou sante pou direktè Palwa Finèb la si I nesesè pou yo ka fè devwa yo genyen.

**Moun ki fè Kado Ògan.** Nan yon evenman malere, nou ka bay medikal enfòmasyon medikal ou pou Oganizasyon ki kolektè oswa kenbe ògann, zye, ak don tisi. Pou ke òganizasyon sa yo ka envestige si donasyon sa you oswa transplant yo posib anba lwa ki aplike. Tanpri pran nòt ke ògann ak donasyon tisi ap toujou bezwen yon konsantman.

**Rechèch.** Nan apeprè tout ka, nou pral mande w pou otorizasyon a lekri avan ke nou itilize oswa pataje enfòmasyon lasante w avèk lòt moun pou yo ka fè rechèch. Sepandan, gen de sikonstans, nou kapab itilize oswa divilge enfòmasyon w yo san ke nou pran otorizasyon a lekri w si nou te pran you konsantman pa yon pwosedi espesyal pou asire ke rechèch sa san otorizasyon w la poze risk minim pou konfidansyalite. Anba okenn sikonstans, sepandan, nou kapab pèmèt ou itilize non w oswa pibliye idantite w. Nou kapab tou divilge enfòmasyon sou sante w san otorizasyon a lekri pou moun k ap prepare pwojè pou rechèch nan lavni, depi ke enfòmasyon ki ka idantifye w pa janm sòti kite fasilite nou an. Na ka ou evenman malere de lamò w, nou ka pataje enfòmasyon avèk moun k ap fè rechèch k ap itilize enfòmasyon moun ki mouri yo, depi yo asepte pou yo pa retire nan fasilite an oken enfòmasyon ki ka divilge idantite w.

**4. Konplètman Retire-idantifikasyon Oswa Enfòmasyon Retire-idantifikasyon Pasyèl.**
Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon sante w si nou retire tout enfòmasyon ki gen potansyèl pou idantifye w de fason ke enfòmasyon sou sante w konplètman retire tout enfòmasyon pèsonèl ki elimine idantifikasyon w. Nou ka tou itilize ak divilge enfòmasyon ki elimine kèk pati ki ka idantifye w si moun la k ap resevwa li an asepte pou pwoteje enfòmasyon sante konfidansyèl ou prive nan fason ke lalwa federal ak eta ekzije sa. Enfòmasyon sante w ki pasyèlman retire enfòmasyon ki ka idantifye w konplètman , p'ap genyen ladann enfòmasyon ki ka idantifye w

dirèkteman, (tankou non w, nimewo telefòn ou, adrès lari w, nimewo sosyal sekirite, nimewo faks, lèt elektwonik, adrès postal, Sitwèb oswa nimewo lisans ou).

**5. Divilgasyon Pa Aksidan.**
Malgre ke nou pral pran tout etap rezonab pou pwoteje enfòmasyon sante ki konfidansyèl, genyen de enfòmasyon pandan sèten divilgasyon ki ka rive oswa ke nou pa t kapab evite li pandan moman echanj enfòmasyon sa y'ap pran plas.. Pa ekzanp, pandan w ap fè tretman, lòt pasyan I nan tretman nan zòn a ka wè w, oswa tande yon konvèsasyon diskisyon sou enfòmasyon sante w..

## DWA W POU JWEN AKSÈS AK KONTWOL SOU ENFÒMASYON SANTE W

Ou gen dwa pou gen aksès ak kontwole enfòmasyon lasante w: (Dwa sa yo enpòtan paske yo ede w pou asire ke enfòmasyon lasante w ke nou genyen sou ou yo ekzak. Yo ka ede to pou kontwolè fason ke nou itilize ak pataje yo avèk lòt pati, ak fason ke nou kominike avèk ou sou bezwen medikal ou.)

**1. Dwa Pou Enspekte ak Kopye Dosye w yo**
Ou genyen dwa pou enspekte ak kopyè tout enfòmasyon lasante w ki ka ede w pou pran desizyon sou ou ak tretman w yo si nou ka genyen menm enfòmasyon sa yo nan dosye pa nou yo. Sa enkli dosye medikal ak finansyèl yo. Pou enspekte oswa divilge sa nou te fè oswa reprezante pèsonèl ou an; pran yon kopi enfòmasyon sante w. tanpri soumèt yon demann a lekri pou Depatman Sèvis Enfòmasyon Sante. Si ou fè yon demann pou kopyè enfòmasyon w yo, nou pral chaje w yon frè pou kopi yo, Pou voye yo pou ou pa lapòs oswa pou atik nou itilize pou nou ka founi w demann ou an. Pri estanda se $0.75 pou chak paj epi ou dwe peye pou yo avan oswa jou ke nou remèt ou yo.

Nou reponn pou demand pou enspeksyon de dosye w nan lespas 10 jou. Nòmalman nou reponn pou demand de fotokopi nan lespas 30 jou si enfòmasyon laswenyaj w la nan lokal nou, e nan lespas de 60 jou si enfòmasyon laswenyaj w yo nan yon lot lokal Si nou bezwen plis tan pou no reponn sou yon demand pou fotokopi, nou pr'al kite w konnen pa ekri diran lè ke nou mansyone anwo a pou nou eksplike w ki rezon pou delè, ak ki lè ou ka ekspekte denye repons pou demand ou a..

Anba sèten sikonstans ki limite, nou kapab denye demand pou enspekte oubyen resevwa yon foto kopi enfòmasyon sou sante w. Si nou denye demann la , nou pr al bawou rezime de enfòmasyon sou sante w nan plas li. Nou pr al ekri w pou eksplike rezon nou bawou sèlman rezime an, ak yon deskripsyon konplè de dwa ke ou geyen pou fè yon demann pou refè demann la ak ki jan ou ka reyalize dwa w sa yo. Notifikasyon sa ap enkli ki jan pou pote plent an rapò sou pwoblèm sa yo avèk nou oswa Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen.. Si nou denye yon pati demann la sèlman resevwa yon kopi enfòmasyon sante w la nou pr al bawou rès yo lè ke nou fin retire pati ke nou pa kapab kite ou wè ou byen kopyè yo

**2. Dwa Pou Korije Dosye w.**
Si ou santi ke enfòmasyon medikal ke nou gen sou-ou pa vrè oswa pa konplè, ou gen dwa mande pou nou korije enfòmasyon yo. Ou gen dwa pou mande rektifikasyon a kondisyon ke enfòmasyon w rete and dosye nou Pou fè demann pou yon koreksyon, tanpri ekri Depatman Sèvis Enfòmasyon Sante.. Demann ou an dwe enkli rezon pou kisa pou panse ke nou dwe fè koreksyon yo. Nòmalman nou reponn pou demann sa yo nan lespas 60 jou.. Si nou bezwen plis tan pou nou reponn, nou pral kite w konnen pa ekri nan lespas de 60 jou pou nou eksplike w ki rezon pou delè, ak ki lè ou ka ekspekte denye repons pou demand ou a..

Si nou denye demand la , nou pr'al ekri w pou eksplike rezon nou denye demand la. Ou pral

gen dwa pou resevwa sèten enfòmasyon sou demann  modifikasyon dosye ki enkli nan dosye w yo..  Pa ekzamp, si ou pa dakò avèk desizyon nou , ou pral genyen opòtinite pou remèt pa ekri rezon  ou pa dakò e nou pral enkli li nan dosye nou. Notifikasyon sa ap enkli ki jan pou pote plent an rapò sou  pwoblèm sa yo avèk nou oswa  Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Imen.. Nou pral eksplike w pwosedi as yo en plis detay man nenpòt notifikasyon ke nou denye w pa ekri .

**3. Dwa pou Kontablite ak Eksplikasyon**

Ou gen dwa pou mande kont sou divilgasyon (kòm eksplike anba) ki idantifye sèten lòt moun oswa òganizasyon ke nou te remèt enfòmasyon sou sante w an akòdans avèk lwa aplikab avèk pwoteksyon ke Pratik Sou Notifikasyon Konfidansyalite founi w. Yon Kont sou divilgasyon pa dekri fason ke nou pataje enfòmasyon sante w yo ant lopital la k oswa endividyèl ki nan lis nan kòmanse Notifikasyon sa, depi ke nou swiv tout pwoteksyon ki dekri nan Pratik Sou Notifikasyon Konfidansyalite an. Si ou fè yon demann pou Maimonides Medical Center remèt ou mande kont sou divilgasyon, repons nou an pral limite sou divilgasyon lopital la te fèt (sa enkli klinik nou yo) e yo papa enkli divilgasyon ke lot pati te fè oswa endividyèl ki nan lis nan kòmansman Notifikasyon sa tankou divilgasyon de doktè nan ofis prive yo.

Yon kont sou divilgasyon tou papa enkli enfòmasyon sou divilgasyon sa yo:

•

• Divilgasyon nou te fè avèk yon otorizasyon ou te bannou pa ekri.

• Divilgasyon nou te fè tretman, peyman oswa fonksyon biznis;

• Divilgasyon ki  te fè de lis Pasyan yo;

• Divilgasyon ki  te fè  pou zanmi, ak fanmi ki konektè avèk swen w oswa peyman pou tretman w;

• Divilgasyon aksidantèl ki Pèmisib pou itilize oswa divilge sou enfòmasyon sante w (pa ekzanp, lè enfòmasyon sa yo te fèt paske se yon lòt pasyan ki te pase enfòmasyon sa yo);

• Divilgasyon pou rechèch, sante piblik oswa fonksyònman biznis la sou pati limite sou enfòmasyon sante w ki pa kapab idantifye w dirèkteman;

• Divilgasyon ki te fèt pou ofisyèl federal pou sekirite nasyonal an aktivite entelijans;

• Divilgasyon ki te fèt sou prizonye pou enstitisyon koreksyonèl oswa ofisye lapolis;

• Divilgasyon ki te fèt  avan 14 Avril, 2003.

Pou fè demann pou yon koreksyon, tanpri  ekri Depatman Sèvis Enfòmasyon Sante.. Demann ou an dwe endike eta dat ak peryòd nan lespas de sis ane  (men, avan 14 Avril, 2003) pou divilgasyon ou vle enkli an.. Pa ekzanp, ou ka fè demann pou lis divilgasyon ki te fèt ant Janvye 1, 2004 a  1 Janvye, 2005. ou gen dwa pou resevwa kont sa nan lespas de chak 12 mwa gratis. Sepandan, nou ka chaje w fou frè pou founi w lòt kont adisyonèl nan menm peryòd 12 mwa an. Nou pral tout notifye w sou tout frè li pral koute pou ka genyen chwa pou retire oswa pou modifye demann ou an avan ke nou chaje w lajan.

Nòmalman nou reponn pou demann sa yo nan lespas 60 jou.. Si nou bezwen plis tan pou nou reponn, nou pral kite w konnen pa ekri  rezon pou delè, ak ki lè ou ka ekspekte pou resevwa kont ou an. Na ka ki ra, nou ka oblije pou deleye founi w kont  sa san nou pa notifye w paske ofisye ranfòsman oswa gouvènman mande nou pou nou fè sa.

**4. Dwa pou ou  Mande Plis Restriksyon**

Ou gen dwa pou ou mande restriksyon oswa limitasyon sou enfòmasyon ke nou itilize ak divilge enfòmasyon pou trete kondisyon w, kolektè peyman pou tretman, ak operasyon administratif.  Ou

gen dwa pou ou mande ke yo mete yon limit sou enfòmasyon ke nou divilge sou ou, bay yon moun ki konekte avèk swen sante w Pa ekzanp, ou kapab mande ke nou pa divilge enfòmasyon sou yon operasyon ou te fè. Pou mande restriksyon oswa limitasyon sou enfòmasyon, tanpri ekri Ofisye Konfidansyalite an. Demann ou an dwe enkli (1) Ki enfòmasyon ou vle limite, (2) Si you vle limite ki jan nou itilize enfòmasyon w e ki jan nou pataje en enfòmasyon w avèk lòt moun, oubyen tou lède , (3) Pou ki moun ou vle mete limit la Nou pral reponn w'a lekri.
Nou pa oblije respekte demand restriksyon oswa limitasyon sou enfòmasyon ke ou mande nou, nan kèk fwa, lalwa pa pèmèt restriksyon oswa limitasyon ke ou mande Sepandan, si nou asepte , n ap respekte dezi w eksepte si nou bezwen enfòmasyon w sa yo pou tretman ijan oubyen pou obeyi lalwa Nan minit nou asepte pou demand restriksyon oswa limitasyon , ou gen dwa pou revoke li nenpòt ki lè. Sou okenn sikonstans nou pral gen dwa pou revoke restriksyon depi ke nou ba w notifikasyon avan ke nou fè li; nan lòt ka , nou pral bezwen pèmisyon w avan ke nou revoke restriksyon yo.

**5. Dwa pou Mande nou antre an kontak ak ou an sekrè.**
You have the right to request that we communicate with you about your medical matters in a more confidential way by requesting that we communicate with you by alternative means or at alternative locations. Pa egzanp, ou ka mande nou pou nou antre an kontak ak ou lakay ou olye de nan travay. Pou fè demand pou kominikasyon pli konfidansyèl, tanpri ekri Depatman Relasyon Pasyan. Nou p'ap chèche konnen pou kisa ou fè demann sa a, e nap toujou travay nan sans ou mande epi n ap fè tout sa ke nou kapab pou akomode w nan tout demand ki rezonab. Tanpri, fè demann ou an ki jan pou nou kontakte-w , e ki jan ou pral fè peyman pou swen sante w si nou kominike avèk ou nan fason ou lokal altènatif sa a

**ENFÒMASYON ADISYONEL Kijan Yon Moun Ka Aji Sou Non w.**
Ou gen dwa pou nonmen yon reprezantan pèsonèl pou aji sou non w pou kontwolè enfòmasyon konfidansyèl lasante w. Tanpri note, sepandan, ke si ou nonmen yon moun pou aji sou now pou kontwolè enfòmasyon sante w ki konfidansyèl pa bay moun sa dwa pou fè desizyon sou non w. Paran ak gadyen pral jeneralman dwa pou kontwole enfòmasyon konfidansyèl enfòmasyon lasante sou yon minè eksepte si minè kapab pran desizyon legalman pou tèt yo.

**Pwoteksyon Espesyal Pou Enfòmasyon Konekte Avèk HIV- ak Enfòmasyon Sou Sante Mantal.**
Pwoteksyon Espesyal alike konsènan enfòmasyon konfidansyèl sou VIH ak lasante mantal . Genyen Pati Nan Notifikasyon Pratik Konfidansyalite ka not aplike pou kalite enfòmasyon sa yo. Si ou ta renmen yon eksplikasyon a lekri sou kijan pou pwoteje enfòmasyon w, tanpri kontakte Depatman Relasyon Pasyan nan 718 283-7212

**Ofisye Konfidansyalite.**
Ofisye Konfidansyalite nou an se Joyce A. Leahy, Esq. Si ou genyen yon kesyon sou notis sa oswa ou ta renmen resevwa plis enfòmasyon, kontakte Ofisye Deziyen nan Depatman Relasyon Pasyan nan 718 283-7212